

**CCPS Sekirite Mizajou #2**  
**16 fevriye 2018**

Nou konsyan de evenman difisil ki ap dewoule depi kèk jou nan peyi a. Premye priyorite nou rete sekirite elèv yo ak manb pèsònèl nou yo ki nan Distri a epi nou pran tout menas ke nou te kapab resevwa o serye e nou ap investitige yo imedyatman. Nou rete an kominikasyon konstan avèk asosye lapolis nou yo pou asire nou ke tout elèv ak manb pèsònèl nou yo an sekirite pafè. Nou ap rapòte tout menas, vèbal, ekri ak elektronik (pa egzanp, sou Instagram, Facebook, Snapchat, Twitter) bay biwo lapolis san pèdi tan. Nou pa kapab founi enfòmasyon apwopo ensidan endividyèl ki gen rapò avèk disiplin ak plasman yon elèv piske sa fè pati dosye akademik elèv la ki pwoteje anba lwa Federal ak Eta a pou nou pa pibliye yo.

Nou vle fè ou konnen ke pwofesè, konseye, ansanm ak administratè nan lekòl yo disponib pou sipòte elèv yo. Elèv yo ta dwe kontakte yon granmoun pou nenpòt kesyon oswa pwoblèm yo te kapab ap andire. Nou bezwen yon sipò kolektif paran yo ansanm ak lòt granmoun ki preyokipe pa vi elèv yo pou nou ka pote siveyans sou kominikasyon ekri ak elektwionik ki ap sikile. Nou ankouraje elèv yo, paran, ak tout kominote a an antye pou rete vijilan nan mentni sekirite timoun nou yo. “Si Ou Wè Yon Bagay, Rapòte Sa Ou Wè a.” Pa gen okenn preyokipasyon ki twò piti. Tanpri fè timoun yo sonje mesaj sa a menm jan nou ap fè sa nan lekòl la. Pou plis resous sou fason ou kapab sipòte pitit ou, patikilyèman nan moman konsa, tanpri [klike sou pati sa](#) a ki ap dirije ou pou al vizite paj Enfòmasyon sou Sekirite CCPS nou an.

Kamela Patton, Ph.D.  
Sipèentandan  
Lekòl Piblik Collier County yo